

Kontak pou Depistaj COVID-19

FloridaHealthCOVID19.gov • Depatman Sante Florida

Si ou teste pozitif pou Covid-19, manm pèsònèl sante piblik yo pral mande enfòmasyon sou moun ki gen kontak deprè avèk ou. Pandan yon kantite jou, manm pèsònèl la pral kontwole oumenm avèk kontak ou yo. Sa rele kontak pou depistaj epi li se yon fonksyon debaz nan sante piblik ki ap ede sispann pwopagasyon maladi.

1



Ou te teste pozitif.



Yo pral mande pou ou izole tèt ou lakay.

- Rete nan yon chanm lwen lòt moun yo ki nan kay ou, menm bèt domestik yo. Itilize yon sèl twalèt pou kont ou.
- Mande doktè pou ba ou medikaman pou doulè, lafyèv. Pran repo epi rete idrate.
- Kontinye kontwole sentòm ou yo epi tcheke tanperati w de (2) fwa pa jou.

Kalandriye pou kilè kanpe izolasyon tèt ou

Ou te teste pozitif avèk sentòm yo:

- Omwen 10 jou fin pase depi sentòm ou yo te parèt pou premye fwa.
- Omwen 24 èdtan te fin pase depi ou te genyen yon lafyèv san w pat pran medikaman pou lafyèv la, epi lòt sentòm yo te vin amelyore.

Ou te teste pozitif san w pat genyen sentòm yo:

- Omwen 10 jou te fin pase depi jou ou te pran tès la.



2

Manm pèsònèl sante piblik yo pral ede ou idantifye espas tan kilè ou te ka enfekte.

Manm pèsònèl yo pral ede ou sonje kontak deprè ou te genyen yo pandan tan sa a epi pral notifiye kontak sa yo sou ekspozisyon potansyèl yo.

Yo pa pral devwale idantite ou.




Kontak sa yo genyen sentòm.



Y ap mande yo pou yo izole tèt yo yomenm pandan 10 jou.

- Yo ka refere pou yo ale teste.
- Yo pral konseye yo pou yo rete nan yon (1) chanm lwen lòt moun ki nan kay yo, menm bèt domestik yo, epi pou yo itilize yon sèl twalèt pou kont yo.
- Yo pral konseye yo pou yo mete mas nan figi yo epi pou kenbe yon distans sosyal omwen 6 pye si yo bezwen anpami lòt moun oswa bèt domestik nan kay la.
- Yo pral mande pou yo kontinye kontwole sentòm yo.
- Yo ka mande yo konsènan moun ki nan kontak deprè avèk yo.



Kontak sa yo pa gen okenn sentòm.

Akòz kèk moun ki genyen COVID-19 pa gen okenn sentòm aparan, yo pral mande moun sa a pou mete tèt li an karantèn pandan 14 jou.

- Yo kapab refere pou yo ale fè tès.
- Yo kapab refere pou yo ale fè tès. Yo pral konseye yo pou mete yon mas nan figi yo epi pou kenbe yon distans sosyal omwen 6 pye si yo bezwen rete ozalantou lòt moun oswa bèt domestik nan kay la.
- Yo pral mande you pou yo siveye sentòm COVID-19 yo.



Yo pat jwenn kontak sa a

Moun sa a ta ka gen COVID-19.

- Si yo genyen sentòm yo, yo ka chwazi pou yo teste.
- Si yo pa genyen sentòm yo, yo gen dwa chwazi po yo pa janm teste.

Se poutèt sa tout moun ta dwe:

- Pratike ijyèn men ak figi.
- Mete mas nan figi w epi pratike distans sosyal omwen 6 pye lè ou an piblik.
- Evite espas **piti** ki pa gen bon jan vantilasyon, kote ki **plen moun**, tankou espas kote moun a pale **pre** lòt moun. —Twa Ps.



Li enpòtan ke ou pale ak yon tras kontak si ou te gen ekspozisyon potansyèl nan COVID-19.

Depatman Sante Florid la ankouraje tout Floridyen yo reponn apèl nan men:

(833) 917-2880
(833) 443-5364
(850) 583-2419

Si sentòm yo vin pi mal oswa vin grav, ou ta dwe chèche swen medikal oswa swen dijans.

Sentòm COVID-19 yo: lafyèv oswa frison, tous, souf kout oswa difikilite pou respire, fatig, doulè nan misk oswa doulè nan kò, maltèt, vin pa ka pran gou oswa pran sant, malgòj, konjesyon oswa nen k ap koule, kèplen oswa vomisman, epi dyare.

Sentòm Grav yo: pwoblèm pou respire, doulè oswa presyon pèsistan nan pwatrin, konfizyon, pa kapab reveye oswa rete jeklè, oswa po bouch oswa figi yon jan chanje koulè.

Gid Pou Swen nan Kay: CDC.gov/coronavirus/2019-ncov/if-you-are-sick/.